



Mass General Brigham

| *Walgreens*

Swen sante pou kè nan kominote w la



Kisa ki Swen Kominotè Mass General Brigham-Walgreens?

Mass General Brigham ak Walgreens ap kolabore pou pote swen sante pou kè ki wo kalite epi ki pratik nan kèk magazen Walgreens ki toupre ou. Lè nou pote swen nan katye w la, nou rann li fasil pou w tcheke tansyon w, aksede a medikaman w yo epi jwenn sipò ou bezwen pou w rete an sante.

Poukisa mwen ta dwe vizite?

Li enpòtan pou siveye kondisyon sante kè a tankou tansyon wo pou sante an jeneral epi pou ede anpeche devlopman kondisyon ki pi grav oswa konplikasyon yo.

Kesyon yo poze souvan

Ki moun ki ka vizite lokal Swen Kominotè yo?

Tout moun! Nou bay swen san randevou ki fokis sou tansyon wo ak pote swen nan kominote a.

Èske doktè Mass General Brigham mwen an ka refere m a yon lokal Swen Kominotè?

Wi! Doktè w la ka refere w.

Èske mwen bezwen yon randevou pou yo wè m?

Non! Randevou pa nesesè. Nou bay swen san randevou Lendi-Vandredi 4-6 p.m.

Ki kote nou ye?

Gen twa kote Walgreens deziyen:

841 Western Ave., Lynn

430 Broadway, Revere

1620 Tremont St., Roxbury Crossing

Tanpri eskane kòd QR ki sou kouvèti dèyè a pou jwenn orè lokal yo.

Èske I ap koute pasyan yo kòb?

Yo p ap refize pèsonn swen poutèt li manke kapasite pou peye.

Si sa nesesè, anplwaye nou yo pral enskri pasyan ki elijib yo nan MassHealth.

Kisa ou dwe atann nan vizit ou a:



Aksè fasil a yon doktè oswa



enfimyè Swen kowòdone ki fasilite
pa yon travayè sante kominotè



Koneksyon ak doktè regilye ou Sipò



pou ede w
rete an sante



Aksè a yon famasyon Walgreens
ak sèvis famasi yo

Sèvis Mass General Brigham ofri:

- Kontwòl tansyon ak evalyasyon Endèks Mas Kò (BMI).
- Jesyon medikaman tansyon
- Edikasyon pou itilize tansyomèt
- Depistaj risk sosyal pou asistans ak faktè ki afekte sante (sa vle di manje, lojman)

Sèvis Walgreens ofri:

- Aksè a sèvis famasi pandan tout lè travay famasi yo
- Ranpli oswa replen medikaman yo
- Konsiltasyon sou medikaman
- Zouti pou apatenans a medikaman
- Vaksinasyon

Se klinisyen Mass General Brigham ki bay swen sante kè.
Yo endepandan de Walgreens epi yo pa ni afilye, ni anplwaye,
ni ajan Walgreens.

Pasyan yo toujou gen chwa famasi.

Òf inisyal pwogram lan kòmanse apati fevriye 2024.
Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR la.



**Pou plis enfòmasyon,
eskane kòd QR la oswa kontakte:**

Priya Sarin Gupta, MD, Direktè Medikal,
Mass General Brigham
Pwogram Klinik ki baze nan Kominote a
Telefòn: 617-724-8135

[MassGeneralBrigham.org/Walgreens](https://www.massgeneralbrigham.org/Walgreens)

Se klinisyen Mass General Brigham ki bay swen sante kè.
Yo endepandan de Walgreens epi yo pa ni afilye, ni anplwaye,
ni ajan Walgreens.

Pasyan yo toujou gen chwa famasi.

Òf inisyal pwogram lan kòmanse apati fevriye 2024.
Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR la.



Mass General Brigham

Walgreens